

SOSYETE KOUKOUEY AN AKSYON

YON KOZE SOU MAURICE SIXTO NAN LAKOU MONTREAL ANNDAN SOMMET AFRO NAN RUE JARRY

Yon tradisyon ki enskri nan lamitye.

Depi plizyè ane se anndan vant zanmitay, nou make kòmansman ane a avèk yon *brunch* nou rele *Brunch des amis*. *Brunch* sila a se yon inisyativ Edouard Staco ak Frantz Benjamin, kote nou rankontre pou yonn swete lòt larezone. Nou manje ansanm epi nou pwofite diskite sou yon tèm ki enterese nou. An 2024, tèm la se te Bob Marley. Te genyen 2 Konferansye, Frantz Saintelemy (Chanselye Université de Montréal e fondatè Groupe 3737) epi Ervince Alphonse, koutye nan domèn imobilye.

Ane sa a, tèm lan se Maurice Sixto. Envite spesyal nou yo se te Fréderic Boisrond (sosyològ, pwofesè, ekriven), Ervince Alphonse (koutye nan domèn imobilye) epi Frantz Benjamin (depit Assemblée nationale epi ekriven). Twa mesye sa yo se twa gwo fanatik zèv Maurice. Fréderic Boisrond te fè yon analiz sosyolojik sou kèk nan zèv Maurice Sixto yo, Ervince te pataje ak nou ekstrè 2 pyès Maurice Sixto :Madan Jules ak Madan Sainvilus. Frantz Benjamin limenm te prezante yon analiz sou dimansyon powetik zèv Maurice Sixto yo ansanm ak prezans fanm nan lodyans Sixto yo.

Nan kad aktivite sa a, Frantz Benjamin te pwofite renmet Fréderic Boisrond Meday *Assemblée nationale Québec* la pou li felisite misye pou travay li ap fè depi plizyè lane nan defann enterè Ayiti, kominote ayisyen an epi moun ki pi fèb yo nan sosyete a.

Semenn sa a, nou ap prezante nou Maurice Sixto anba loup Frédéric Boisrond.

"Parlons Sixto" Daprè Sosyològ Frederic Boisrond.

Mesye dam lasosyete, nou konnen kijan sa bèl epi tris, lè nou ap tande Zèv Maurice Sixto yo. Toudabò Frederic te fè tankou se nan yon klas li te ye. Li te fè yon amòs pou li kapab teste pwofondè konpetans piblik la sou zèv Maurice Sixto, yonn pamì lodyansè ayisyen ki pi selèb yo.

Zèv Frédéric Boisrond te analize yo se te Tisentaniz, Léa Kokoye epi Mèt Zabèlbòk.

Nan pifò zèv Maurice Sixto yo, li demonstre li se yon kreyatè ki ap denonse reyalite sosyal ki bay zègrè sou tè Ayiti. Li te louvri avèk Tisentaniz ki te rete kay yon madanm, Madan Gaston, ki te ap fè li pase nan yon je zegui. Madanm sa a pa te bay Tisentaniz ankenn chans pou li te viv tankou moun. Poutan, li te konnen pou li dòlote pitit li a, Chantoutou. Madanm lan pa te gen ankenn konsiderasyon pou Tisentaniz ki se bòn atitre Chantoutou, malgre Chantoutou te pi gran pase Tisentaniz. Poutan, mari madanm sa a, se yon gwo save ki ap li tout kalite koze nan gwo liv san li pa janm bay tèt li yon chans pou li aplike koze sila yo nan pwòp kay kote li ap viv la.

Reyalite lavi Sentaniz, se rayalite lavi yon timoun ki ap monte masuife lakay yon fanmi boujwa nan Pòtoprens. Tout tripotay kay la, menm al fè espyonay kay vwazinay, pou madam Gaston ki kalite manje moun kuit lakay yo, se sou do Sentaniz yo chita. Sepandan, Sentaniz te ap viv nan kondisyon bêt pa te viv. Li dòmi ta, li leve bonè. Li sibi imilyasyon, jouman, veksasyon. Se tankou, responsab Afè sosyal anndan peyi Ayiti, pa genyen je pou yo kanpe kalite enjistis sosyal sila a. Timoun ki rete kay moun, se yon sistèm esklavay modèn. Leta ayisyen dwe pran tout dispozisyon pou li kanpe pratik enjistis sila a ki tankou yon fòm esklavaj. Wi, se esklavay modèn, paske kategori timoun sa yo ap travay, bourike pi mal pase granmoun, men yo pa touche pa menm yon senk kòb penich pou travay yo. Ale wi, pou medam, mètòs kay sa yo ta voye timoun sa yo lekòl. Poutan, nou tout konnen lenstriksyon pou tout moun se premye etap nan devlopman yon sosyete, kote tout moun se moun. Yon sosyete kote pa dwe genyen moun pase moun.

Frederic Boisrond te fè nou remake tout eka sosyal Sixto te denonse nan zèv li yo. Men, lè yon moun ap tande Sixto, li ta kapab konprann se yon blag li ap tande, paske Sixto gen yon fason espesyal pou li pase mesaj li yo. Lè nou chita, pou pran san nou pou nou rантre nan fon nannan mesaj denonsyasyon Sixto yo, nou ka wè nou pa nan blag ditou. Nou ap viv reyalite lavi anndan yon sosyete, kote inegalite sosyal epi respè pou dwa moun pa ekziste. Se nou tout ansanm ki dwe kontinye travay sixto yo ak lide pou nou mennen yon bon dòz jistis sosyal sou tè Ayiti. Sèten moun ki gen mwayer ekonomik pa gade tout moun menm jan. Laplipa ladan yo pa gen sans mountite lakay yo. Poutan, yo bezwen

sèvis zòt. Nan tande Sixto, nou kapab dekovri kèk reyalite ki ap pase devan je nou san nou pa te janm pran konsyans. Sixto se yon revèy pou konsyans nou. Li pèmèt nou wè aklè, moun yo rele moun anwo yo pa wè moun ki anba yo tankou moun. Kòm moun anwo yo pa janm konprann anyen nan anyen, gen yon jou ki ap rive, moun anba yo ap mache sou yo. Kidonk, tout moun pral nan kouri, e se sa ki ap pase la a jounen jodia a. Sixto mande nou pou nou ouvri je nou sou reyalite sa yo pou nou kabap pote kèk chanjeman nan sosyete a.

Frederic te kite nou sou nòt sa a : Se chak moun nan sosyete Ayiti a, ki dwe ale nan lekòl lavi ki anndan lodyans Maurice Sixto pou yo aprann lesion sou fason moun dwe viv. Daprè Fréderic Boisrond Sixto se yonn nan pi gwo sosyològ Ayiti pa janm genyen.

Prezantasyon aktivite nan Sommet Afro a se yon repòtaj Maryse-Ronald Chouloute.

Sixto tire foto pèp la Otè Michel-Ange Hypolite (Kaptenn)

Gen anpil liv ki ekri sou Sixto. Genyen analiz inivèsitè ki fèt sou Sixto. Pawòl ki ekri la yo se refleksyon pa mwen sou travay Moris Sisxto.

Depi yo nonmen non M.Sixto tout moun kouri reponn : « Lea kokoye », « Ti Sentaniz » kòm ki dire se sa sèlman misye vo. Ebyen! se pa tout longè li sa! Nan « Jeneral Ti Kòk » Sixto fè nou wè ki jan nou ka pèdi tan nan pale bél franse byen lonng san nou pa regle anyen pou peyi a. Nan fen istwa a, Jeneral TiCòk di Monkopè li : « Lè yo voye n al fè yon anpren (aletranje) se senk liv nou ekri. Se sa ki fè anyen pa janm regle a, anyen pa pe regle tou. »

Nan istwa kou « *Le jeune agronome* » ak « *kite se yon tounen se yon lòt* », Sixto te fè yon rale sou nèg save ki bliye prensip lakay lè yo sòti nan peyi etranje. Kanta pou relijyon vodoun an menm, li ba nou li tout jan. Dayè nan prèske tout plak M.Sixto mwen tande yo, misye te fè tout moun santi ki jan relijyon vodoun an plotonnen nan lavi tout Ayisyen. Rich kou pòv, nèg lespri kou nèg ki pa konn li, (« *La petite veste de galerie de papa* »). Lè ou tande Ayisyen nan pwoblèm menm, se pa pale, kòmanse sou Derilus ki te bezwen kenbe dyòb li nan Ministè Edikasyon Nasional (« *Lea kokoye* »), fini sou bëlmè mèt Zabèlbòk la, ki te blije al liminen sou fòs defen mari li, lè Zabèlbòk te vin twòp pou li ak pitit fi li la nan kay la (« *Maître Zabèlbòk Bèrè-à-chatte* »). Sou plak sa a Sixto fè nou wè wòl relijyon vodoun an nan gerizon timoun malad, kote se lwa ki ap bay fanmi timoun yo non pou yo bay pitit yo.

Lè nèg bezwen fè nèg pè, lè nèg bezwen kaponnen nèg, li sèvi ak mannièt vodoun: « Mwenmenm nou wè la a, mwen pa moun ki fèt konsa-konsa non. Jou m fèt, papa m foure yon zepenng annò nan bra gòch mwen, yon zepenng annò nan bra dwat mwen, li ban m yon pwen Bourik..... Madanm, sa a ou wè m di ou la se sa wi ». Tout sa se te bri sapat. Se sou plan gwo moso te ye, pou li te montre moun li pa te mens. Alaverite, lè jandamn lan ki te sou chanmas nan moman an, te arete misye, li te mache tankou timoun san fè wondonnon.

Gen de lè tou, vodoun an konn antre tèlman fon nan lespri moun yo, li konn lakòz yo fè gwo kokennchenn erè (« *Kite se yon tounen se yon lòt* »). Nan istwa sa a, lè yon gran mizisyen kou Depès te bezwen al rann Occide Jeanty omaj, li te prezante li nan kay kote Occide Jeanty te rete a pou li te al fè yon konsè nan memwa gran mizisyen ayisyen sa a. Sepandan, manzè Adelayid te pran misye pou dyab ki vin manje pitit moun nan katye a.

Gen moun ki tèlman boule ak larezon, yo ka rive mennen kanpay pou yo toufounen vodoun an. Men, èske se sa ki dwe fèt? Si nou reflechi byen nou ka wè gen anpil konesans anndan vodoun an nou pa konnen. Paske lalwa nan vodoun an, règleman li yo, prensip li yo pa ekri sou papye. Poko janm gen yon sèvitè vodoun ki pou ta ekri prensip sa yo.

Nan sèt plak M.Sixto mwen tande yo, genyen yonn ladan yo, kote Sixto te bliye yon atis pa la pou li distrè moun ase. Li fèt pou li klere je yo sou sitiyasyon politik, ansanm ak divès sitiyasyon sosyete nan peyi yo ap viv la. Mwen vle pale sou dezyèm plak misye a ki rele « *Souvenirs d'Haïti* ». Yon moun ki ap tande plak sa a ta di Sixto lage brid li. Se

yon plak ki te fèt plis pou distrè moun, fè yo griyen dan. Nan uit istwa ki sou plak la, se twa ase ki fè nou wè Sixto pa te pèdi lakat : « *La petite veste de galerie de papa* », « *Min yon lòt lang* », ak « *Le jeune agronome* ».

Men yon lòt lang

Lè kreyòl la tanmen makònèn kò li ak angle, osnon panyòl, li vin bay yon bouyon ki gen yon ti gou dwòl. Yon lanng ka toujou apiye kò li sou yon lòt pou li pran fòs, men lè Sixto parèt ak blag ki rele « *Men yon lòt lang* » lan, kote nou tande : « *li reng dò bél la....mwen di l estèp in.* » Pi lwen nou vin tande : « *Mwen mande l ki bitwinn li* », nou ka wè sitiyasyon an vin mangonmen. Epitou, kote bagay la vin (yon) ti jan tyak la, Sixto fin voye dlo a, epi li rale kò li. Kidonk, nou pa konnen si Sixto te ap mete nou sou pingga nou osnon si li te vle di nou kontinye pale lòt lanng sa a toujou. Oubyen èske Sixto vle montre nou kreyòl ayisyen an pran nan gonn? Paske lè nou mete zorèy nou an twonpèt, lòt lanng sa a Sixto ap pale a, nou ka tande li an panyòl osnon an jwal. An panyòl n'ap jwenn li an Dominikani, ou Venezyela. An jwal kebekwa, Nou ap jwenn li plis nan Monreyal. Donk, lè Sixto parèt ak « *Men yon lòt (lang)* » se yon gonbo cho li lage nan planmen nou.

Nan Kebèk kote angle a sòti pou li lage pichon sou franse a, gouvènman an fè lwa pou pwoteje lanng lan. Nou menm Ayisyen ki se pitimi san gadò, ki sa nou ap fè pou lanng nou an? Èskè nou ap kite li grandi ak « *rechany angle* », « *rechany panyòl* » ki sou do li a? Osnon èske nou ap chanje rechany sa yo? Kesyon sa yo mwen kwè se sèl mesye ki etidyé lanng yo (lenguis yo) ki ka reponn yo. Antouka, bò kote pa li, Sixto te mete kaka-chat-la deyò. Se moun ki save nan koze (lanng) yo ki pou rale kreyon yo make. Epi yo va fè lòt moun konnen sou ki pye pou yo antre nan dans lan. Bò kote pa mwen, mwen kwè « *lòt lanng* » sa yo ap bay kreyòl ayisyen an giyon. Rezon an se paske menm si yon moun se Ayisyen ki konnen pale kreyòl kou dlo, si yon lòt zanmi-kanmarad ap simen yon kreyòl ki gen yon dal mo angle ak panyòl sou li, li (pa pe janm konnen ki jan pou li reponn zanmi an, paske li (pa pe) konprann.

Sixto tire foto pèp la

Lè nou tande plak li sòti nan koleksyon « *Choses et gens entendus* » yo, (oralti) nou wè Sixto pran lapawòl pou yon gwoup moun ki ap viv lakay, men ki pa parèt nan literati nou an tankou Sixto fè yo parèt la. Moun sa yo se namn peyi a. Nan liv kou « *Gouverneurs de La rosée* » ak « *Compère Général Soleil* », Jacques Roumain epi Jacques Stephen Alexis, respektivman, te pale sou moun sa yo kòm reprezantan yon klas sosyal. Nan « *Chose et gens entendus* » Sixto tire foto yo avèk tout defo yo, kalite yo, epi mizè yo. Sixto te fè yon travay awo. Sixto pa te bay pèp la lapawòl andaki, ni nan move kondisyon. Li te fè yo pale lanng kreyòl pa yo a, epi li te bay fòs detay sou mani yo. Koute ki jan Madan « *Jules* » ap demake yon timoun ki ap viv avèk li, pou li ka bouyi zen ak Madan Emányèl.

« *Madan Emanuel*, kite mwen voye tifi a al achete enpe pwa pou li mete sou dife, paske koze sa a, se yon koze ki lonng. Se yon koze ki mande chita. »

Gen de lè Sixto konn redi zòrèy nèg save ki dekonekte ak reyalite peyi a. Se pou sa, lè yon moun fini tande « *Le jeune agronome* » fòk li konprann Sixto pa te yon moun ki te ap wete trip pou li mete pay. Rezon an se paske menm si yon nèg te al chache lasyans deyò, li dwe mete sa li te aprann lòt bò dlo a, ak sa ki gen lakay déjà pou yo fè yon sèl. Se pa nou ki pou di nou verite. Se pou tèt sa Sixto di : « *Lè yo fin tounen blan meriken, yo fin tounen blan franse... yo bliye kote yo sòti...yo bliye reyalite lakay.* »

Lè Sixto ap simen kreyòl tout moun se rale chèz chita, paske li pa te ap pouse son dwat-e-gòch. Vwa Sixto sèlman se kont pou li chame tout moun, paske lanng misye pa te nan poch li.

Lè nou pran plak Sixto yo, tande yo anpil fwa, nou ka wè Sixto te (yon) bon obsèvatè. Paske lè misye pran pou li detaye yon sitiyasyon, ou va di se yon aparèy sinema ki ap fè foto tout sa ki ap pase devan li. Li pa kite anyen pèdi. Menm si Sixto pa te toujou atake politik bwa pini ki ap kokobe peyi a, nou ka wè se mès mas pèp la ak fason yo viv ki te enterese li. Li te pran san li pou li te tire foto yo, epi li te fè yon sipèb travay.

Mapou's Back...Visit Today

THE JEWEL OF LITTLE HAITI IS OPEN FOR BUSINESS

LIBRERI MAPOU BOOKSTORE

MONDAY, WEDNESDAY & FRIDAY 9AM - 6PM

5919 NE 2ND AVE. MIAMI FL 33137

505.757.9922

